

# News Release



New Jersey Courts

Independence • Integrity • Fairness • Quality Service

GLENN A. GRANT, J.A.D.

Acting Administrative Director of the Courts

For more information contact:

PETER McALEER

MARYANN SPOTO

Office of Communications and Community Relations

609-815-2910

[www.njcourts.gov](http://www.njcourts.gov)

RICHARD J. HUGHES JUSTICE COMPLEX • P.O. BOX 037 • TRENTON, NJ 08625-0984

Difizyon Imedya: **Avril 24, 2020**

## **Tribinal Siprèm ap Reprann kèk Fonksyon, epi lap Pwolonje Sispansyon Zòt**

Supreme Court Order Resumes Some Court Operations, Extends Suspension of Others (Haitian Creole)

Tribinal Siprèm Noudjèze jodiya emèt yon lòd global pou reprann fonksyon sèten tribinal epi alonje dat limit pou lòt sesyon ak aktivite tribinal yo.

Lòd la alonje sispansyon tout jijman devan jiri jisko 31 me, jijman koze Pwopriyetè/lokate ak tout pwosis jiri tabli yo.

Tout abitraj sivil ak antant antisipe devan panel yo sou kesyon maryaj ap reprann le 27 avril. Odyans ki gen rapò ak konpetans yon endividi pou prezante nan jijman deja reprann e ya va kontinye. Tout seyans tribinal Minisipal ap reprann le 11 me pa videyo oswa telefòn depi li posib; ak konsantman tout pati yo, seyans tribinal minisipal kab reprann le 27 avril.

Tout odyans ki gen rapò ak zak disiplinè avoka ansanm ak frè abitraj yo, yon fason relativman dirèk, ap reprann le 11 me.

Depoze avi reklamasyon ka tip reklamasyon sivil ak deklarasyon sou sèman oswa konparasyon doktè yo, enfimyè yo ak anplwaye swen de sante yo anile jisko 31 me.

Petisyon pou sezi pwopriyete oswa jijman ki resevwa aprè le 1ye mas pap revize oswa rekomande jiska nouvèl òd. Tout sispansyon delòjman lokatè rezidansyèl ap kontinye an vigè.

Depwi le 16 mas lè sistèm jidisyè a komanse ap travay a distans poutèt COVID-19 la, tout tribinal Noudjèze yo reyalize plis de 12,000 aktivite nan tribinal - enkli odyans sou petisyon yo, antant ak konferans sou eta dosye a, lekti akizasyon yo, odyans detansyon, ak tout rekou dapèl minisipal yo ak plis the 80,000 patisipan.

###